

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Cara ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan, salian ti ngagunakeun métode, tangtu mikabutuh pamarekan. Ieu panalungtikan anu dilaksanakeun ngagunakeun pamarekan kualitatif. Nurutkeun Moleong, (2012, kc, 6) panalungtikan kualitatif nyaéta panalungtikan nu ngahasilkeun prosédur analisis tanpa ngagunakeun analisis statistik atawa kuantifikasi nu séjénna. Panalungtikan kualitatif didéskripsikeun ku cara ngawangun kekecapan, gambaran holistik anu rumit.

Saluyu jeung nu dijelaskeun ku Jane Richie (dina Moleong, 2012, kc. 6) yén panalungtikan kualitatif miboga peranan penting dina nalungtik hiji pasualan. Aya sababaraha hal nu kudu diperhatikeun dina panalungtikan kualitatif nyaéta: merhatikeun konsép, persépsi, paripolah, pasualan ngeunaan objék nu rék ditalungtikna. Sedengkeun nurutkeun Sugiyono, (2012, kc, 1) panalungtikan kualitatif téh nyaéta salahiji métode nu dipaké pikeun nalungtik obyék nu alamiah, di mana panalungtik salaku instrumén koncina. Téhnik ngumpulkeun data nu dilakukeun kalayan triangulasi nu sipaytna gabungan. Analisis data sipaytna induktif, jeung hasilna leuwih nyinekel kana ma'na tibatan *generalisasi*. Ratna, (2013, kc, 46) nétélakeun pamarekan kualitatif téh napsirkeun hiji kaayaan dina bentuk déskripsi. Tina kajadian-kajadian jeung interaksi manusia dina kaayaan nu tangtu. Jadi dumasar kana pamadegan saacanna bisa dicindekkeun yén panalungtikan kualitatif téh nyaéta panalungtikan pikeun nyangkem hiji kajadian nu kaalaman ku subyék panalungtik tina paripolah, pamadegan batur, jeung motivasi.

Patali jeung pamarekan kualitatif, métode nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta métode déskriptif analisis. Ratna, (2013, kc, 53) nétélakeun métode déskriptif analisis téh nyaéta métode nu dilakukeun ku cara ngadéskripsikeun fakta-fakta, nu tujuanna pikeun nyangking unsur-unsurna nu satuluyna dilaksanakeun tahap analisis. Cindekna mah métode déskriptif analisis


téh méré pamahaman tina pasualan-pasualan faktual nu geus aya tuluy dilaksanakeun tahap analisis

Métode déskriptif analisis dina ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeyun jeung nganalisis Novél Séréal carita silat Anjar karya Achmad Rustandi. Hasil tina analisis struktur carita dilarapkeun kana tiori psikologi humanistik lima tingkatan kabutuhan dasar manusa nu ditétélakeun ku Abraham Masllow.

3.1 Désain Panalungtikan

Désain panalungtikan nyaéta rarancang panalungtikan anu rék dilaksanakeun ku panalungtik (Arikunto, 2013, kc. 90). Désain panalungtikan miboga tujuan pikeun ngagambarkeun léngkah-léngkah dina ngalaksanakeun panalungtikan, ti mimiti ngarumuskeun masalah nepi ka nyieun kacindekan tina hasil panalungtikan nu dilaksanakeun. Anapon ieu désain panalungtikan digambarkeun dina ieu bagan.

**Bagan 3.1
Désain Panalungtikan**



3.2 Téhnik Panalungtikan

3.2.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data mangrupa hiji pagawéan nu kacida pentingna dina panalungtikan. Éta hal balukar tina hiji panalungtikan nu merlukeun sababaraha léngkah panalungtikan pikeun nyangking data jeung hasil nu akurat, sangkan naon nu ditalungtik saluyu jeung rumusan masalah panalungtikan. Nurutkeun Sugiyono, (2012, kc, 224) ngumpulkeun data bisa dilakukeun dina sababaraha kaayaan, sababaraha sumber, jeung sababaraha cara.

Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik talaah pustaka. Téhnik talaah pustaka mangrupa kagiatan niténan, nalaah, sarta ngaidéntifikasi bahan bacaan nu aya patalina jeung panalungtikan. Jadi, téhnik talaah pustaka dina ieu panalungtikan digunakeun pikeun ngumpulkeun data ku

cara maca sumber data nyaéta novél sérial carita silat Anjar karya Achmad Rustandi dibarengan ogé ku data lian nu ngarojong sarta raket patalina jeung struktural sarta psikologi humanistik dina karya sastra. Léngkah dina ngumpulkeun datana nyaéta:

- 1) maca-maca buku anu patali jeung struktural katut psikologi humanistik;
- 2) nangtukeun sumber data nyaéta novél *Anjar Lawan Raja Bangsat, Anjar Tepung jeung Indungna*, sarta *Anjar jeung Rampog Geulis* karya Achmad Rustandi;
- 3) maca sagemblengna sérial novél karya Achmad Rustandi; jeung
- 4) ngumpulkeun data atawa cutatan nu patali kana struktural jeung kajiwaan anjar dina tilikan psikologi humanistik.

3.2.2 Téhnik Ngolah Data

Sabada data kakumpulkeun léngkah nu satuluyna anu kudu dilakukeun nyaéta ngolah data. Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 281) téhnik ngolah data nyaéta hasil analisis data anu dicangking ku cara ngagunakeun rumus-rumus atawa aturan nu luyu jeung pamarekan atawa désain panalungtikan nu digunakeun.

Téhnik ngolah data nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik analisis. Di antarana, analisis struktur novél sérial carita silat Anjar karya Achmad Rustandi jeung analisis kajiwaan Anjar dina tilikan psikologi humanistik. Ieu di handap dijéntrékeun hal-hal naon waé anu dipedar patali jeung kagiatan analisis data.

1) Téhnik Analisis Struktur Novel sérial *Carita Silat Anjar* karya Achmad Rustandi

Dina kagiatan analisis data, anu munggaran dianalisis nyaéta nganalisis struktur novel sérial *Carita Silat Anjar* karya Achmad Rustandi, dinalisis ngagunakeun tiori struktural Robert Stanton anu ngawengku téma, fakta carita jeung sarana sastra. Ku kituna anu baris dianalisis téh ngawengku;

- a) téma novél *Carita Silat* karya Achmad Rustandi;
- b) fakta carita novél *Carita Silat* karya Achmad Rustandi;
- c) sarana sastra novél *Carita Silat* karya Achmad Rustandi.

2) Téhnik Analisis Kajiwaan Anjar Tilikan Piskologi Humanistik

Sabada kapaluruh struktur caritana, analisis data nu kadua nyaéta aspék kajiwaaan Anjar tilikan psikologi humanistik ka palaku utama nu aya dina novél sérial *Carita Silat Anjar* karya Achmad Rustandi. Patali jeung kagiatan analisis, ieu analisis data téh dumasar tiori psikologi humanistik Abraham Masllow anu nétélakeun lima tingkatan dasar kabutuh manusa. Anapon anu baris dianalisisna nyaéta unggal tingkatan pangabutuh dasar ka palaku utama nyaéta Anjar dina sérial novél Carita Silat Anjar karya Achmad Rustandi. Ieu di handap aya lima tingkatan pangabutuh dasar manusa anu ditétélakeun ku Abraham Masllow, nyaéta;

- a) pangabutuh fisiologis;
- b) pangabutuh rasa aman;
- c) pangabutuh kana rasa mibanda-dipibanda (Cinta);
- d) pangabutuh kana rasa pangajén;
- e) pangabutuh kana rasa aktualisasi diri.

3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta alat bantu anu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data (Arikunto, 2013, kc. 262). Instrumén digunakeun sangkan pagawéan leuwih gampang diolah sarta meunang hasil anu leuwih lengkep kalayan sistematis.

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan kabagi jadi dua, nyaéta instrumén panalungtikan dina ngumpulkeun data jeung instrumén panalungtikan dina ngolah data. Instrumén dina ieu panalungtikan digunakeun pikeun nganalisis struktur carita jeung aspék psikologi humanistik dina Novél Sérial Carita Silat Anjar karya Achmad Rustandi.

3.3.1 Instrumén Panalungtikan Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data mangrupa hiji pagawéan nu miboga peran penting dina panalungtikan. Éta hal merlukeun sababaraha léngkah panalungtikan pikeun meunangkeun data sangkan naon nu ditalungtik saluyu jeung rumusan masalah dina panalungtikan. Nurutkeun (Sugiyono, 2012, kc, 224-225) nétélakeun yén ngumpulkeun data bisa dilakukeun ku rupa-rupa sumber, jeung cara. Téhnik ngumpulkeun data nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik studi

pustaka. Ieu téhnik mangrupa kagiatan niténan, neuleuman, nalaah, jeung ngaidentifikasi bahan bacaan anu aya patalina jeung panalungtikan. Téhnik séjén dina ngumpulkeun data nyaéta nyutat carita nu patali jeung data nu ditalungtik.

3.3.2 Instrumén Panalungtikan Ngolah Data

Instrumén panalungtikan anu digunakeun dina ngolah data nyaéta kartu data anu gunana pikeun ngumpulkeun jeung mindahkeun data nu geus aya, sangkan leuwih gampang diolah jeung dipikaharti. Ieu kartu data téh gunana pikeun ngumpulkeun data hasil analisis struktur carita jeung aspék psikologi humanistik dina Novel Sérial Carita Silat Anjar karya Achmad Rustandi. Ieu di handap mangrupa conto kartu jeung tabél data anu digunakeun panalungtikan dina ngolah hasil panalungtikan.

1) Kartu Data Struktural

Tabel 3. 1
Conto Kartu Data Téma

Kartu Data 1	
1. Kode Data	:
2. Téma	:
3. Cutatan Carita	:

Tabel 3. 2
Conto Kartu Data Galur

Kartu Data 2	
1. Kode Data	:
2. Bagian/Épisode	:
3. Wincikan Carita	:

Tabel 3. 3
Conto Kartu Data Latar

Kartu Data 3	
1. Kode Data	:
2. Jenis Latar	:
3. Cutatan Carita	:

**Tabel 3. 4
Conto Kartu Data Tokoh**

Kartu Data 4	
1. Palaku	:
2. Sipat/karakter	:
3. Jenis Tokoh	:
4. Cutatan	:
5. Kode	:

**Tabel 3. 5
Conto Kartu Data Puseur Implengan**

Kartu Data 5	
1. Kode Data	:
2. Puseur Implengan	:
3. Cutatan Carita	:

**Tabel 3. 6
Conto Kartu Data Gaya Basa**

Kartu Data 6	
1. Kode Data	:
2. Gaya Basa	:
3. Cutatan Carita	:

Pengkodean data di luhur dumasar kana unsur nu dianalisisna. Sangkan leuwih jéntré, keterangan *pengkodean* data baris didadarkeun ieu di handap.

Keterangan:

- a. **ATJI** = Anjar Tepung Jeung Indungna
- b. **S1** = Struktur Carita pikeun téma
- c. **K20** = Kode kaca
- d. **P119** = Paragraf ka 119.

2) Kartu Data Psikologi Humanistik

Tabel 3.7
Conto Kartu Data Aspék Psikologi Humanistik

1. Kode Data :	PH/TG/SR/BB/KU/KC/P
2. Palaku :	
3. Aspék Psikologi Humanistik :	
4. Cutatan Carita :	

Pengkodean data di luhur dumasar kana unsur nu dianalisisna. Sangkan leuwih jéntré, keterangan *pengkodean* data baris didadarkeun ieu di handap.

Keterangan:

a. Dina kode data disebutkeun;:

- **PH** = Psikologi Humanistik
- **KC** = Kaca
- **P** = Paragraf

b. Palaku dina tabél nyaéta museur ka tokoh utama nyaéta Anjar

c. Aspék psikologi humanistik dina éta tabél dumasar kana tiori Abraham Masllow nu nétlakeun lima tingkatan kabutuhan dasar manusia, nyaéta:

- pangabutuh kana fisiologi;
- pangabutuh kana rasa aman;
- pangabutuh kana rasa mibanda-dipibanda (Cinta);
- pangabutuh kana pangajén diri jeung
- pangabutuh kana aktualisasi diri.

d. Cutatan caritana dina éta tabél dituliskeun unggara carita nu ngajéntrékeun unggal aspék psikologi humanistik (dumasar kana tiori nu di mopoyankeun ku Abaraham Masllow).

Di dieu dipedar conto ngeusian salasahiji kartu data struktur carita, jeung kartu data aspék psikologi humanistik.

Tabel 3. 8
Conto Analisis Struktur (Téma)

Gambar 3.9

- | |
|---|
| <ol style="list-style-type: none"> 1. Kode Data : ATJI/S1/1/K13/P67 2. Téma : Bapa Anjar Katipu ku Babaturanana tur Nginjeum Duit Rénten Juragan Haji 3. Cutatan Carita : <p style="margin-left: 20px;"><i>“Demi gawéna tukang nginjeum-nginjeumkeun murus ka nu butuh, tukang nginjeum-nginjeumkeun duit ka nu ka pangpéongan. Saratna énténg asal puguh boréhna, asal aya tandomna, réntenna teu sabaraha dina sabulan marus sablék jadi dua blek, duit sawidak jadi saratus punjul dua puluh. Mun can kuat mayar bulan kadua keun wé bulan katilu gé teu kieu-kieu, asal marus sapikul jadi tilu pikul, duit saratus jadi tilu ratus”.</i></p> <p style="margin-left: 20px;">Analisis:</p> |
|---|

Tabel 3. 9
Conto Analisis Kajiwaaan Anjar dina Aspék Psikologi Humanistik

- | |
|--|
| <ol style="list-style-type: none"> 1. Kode Data : ATJI /PH/KC21/P128 2. Palaku : Anjar 3. Aspék Psikologi Humanistik : Pangabutuh kana Fisiologis 4. Cutatan Carita : <p style="margin-left: 20px;"><i>“Arjar rada éra ngedalkeunana. Ari aya mah aya, malah unggal usik ngan éta nu dípikatineung téh tapi nu kaluar ngan sora Heheh”</i></p> <p style="margin-left: 20px;">Katitén pangabutuh Fisiologisna tina kabutuhan sex kacumponan ku sabab, di dieu Anjar rék dikawikeun ka anakna Haji Salim.</p> 5. Analisis: |
|--|

3.4 Data jeung Sumber Data

Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta subyék asal (ti mana) data dicangking. Upamana panalungtik ngagunakeun téhnik dokuméntasi pikeun nyangking sumber data panalungtikanana, dokumén atawa catetan nu jadi sumber datana, sedengkeun eusi éta catetan mangrupa subyék panalungtikan atawa Purnamawati, 2019

NOVEL SÉRIAL CARITA SILAT ANJAR KARANGAN ACHMAD RUSTANDI (Ulikan Struktural jeung Psikologi Humanistik)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

variabel panalungtikan (Arikunto, 2013, kc. 172). Ku kituna, sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta sérial novél *Carita Silat Anjar* karya Achmad Rustandi.

3.4.1 Idéntitas Novel Ka hiji

Judul : *Anjar Lawan Raja Bangsat*
 Medal : Citakan ka-1 : Pusaka Sunda 1967
 Citakan ka-1 : Edisi Kiblat Buku Utama Muharram 1437 H/
 November 2015
 Penerbit : Kiblat Buku Utama
 Kandel Buku : 58 Kaca
 Warna Jilid : Bodas



Gambar 3.1
Jilid Hareup jeung Tukang Novel

Novel *Anjar Lawan Raja Bangsat* ngawengku lima épisode. Épisode kahiji (kaca 5-19) nyaritakeun tokoh Anjar nu apruk-aprukan ka leuweung ku sabab hayang salamet ti Juragan Haji katut ajudan-ajudanna nepi ka manéhna papanggih jeung Kiai Ngésti tuluy diaku anak, tuluy diajarkeun élmu penca. Épisode kadua (kaca 20-25) nyaritakeun kaayaan Kiai Ngésti ti mimiti ka Tanah Jawa ngulik buku pusaka nepi ka ngulik élmu penca. Épisode katilu (kaca 26-35) nyaritakeun Kiai Ngésti rék ngajarkeun élmu penca ka Anjar jeung kacaritakeun Anjar geus

mimiti deui neuleuman élmu agama. Épisode kaopat (kaca 36-57) nyaritakeun harita waktu dina hajatan Haji Husén, jol aya Si Darga nyaéta salasahiji bangsat nu bengis. Si Darga nangtang pikeun adu jajatén, malah mah murid-muridna Haji Husen gé éléh, nya untungna aya Anjar nu bisa ngélékheun si Darga. Kabeneran Anjar keur néangan urut murid Kiai Ngéstí nu maling kitab pusaka, nyaéta Si Darma Lingga. Épisode kalima (kaca 58) nyaritakeun Anjar geus diaku jadi anak Haji Husén, teu lila ti dinya Haji Salim datang, geuning aya maksud rék ngajadiekun minantu ka Anjar.

3.4.2 Idéntitas Novel Ka Dua

- Judul : *Anjar Tepung jeung Indungna*
 Medal : Citakan ka-1 : Pusaka Sunda 1967
 Citakan ka-1 : Edisi Kiblat Buku Utama Muharram 1437 H/
 November 2015
 Penerbit : Kiblat Buku Utama
 Kandel Buku : 83 Kaca
 Warna Jilid : Bodas



Gambar 3.2
Jilid Hareup jeung tukang Novél

Novel *Anjar Tepung jeung Indungna* ngawengku lima épisode. Épisode kahiji (kaca 5-23) nyaritakeun yén Anjar téh katitipan amanat ku Ambu jeung Ama salaku indung jeung bapa angkatna, yén Haji Salim ngajak békésanan. Ti

Purnamawati, 2019

NOVEL SÉRIAL CARITA SILAT ANJAR KARANGAN ACHMAD RUSTANDI (*Ulikan Struktural jeung Psikologi Humanistik*)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

dinya Anjar geus ngarti kana maksud omongan Ambu jeung Ama, tapi Anjar asa-asa, ku lantaran mikiran nasib indungna nu can kapaluruh. Ku kituna pancén Anjar téh nyaéta pikeun néwak si Durjana, murid Kiai Ngéstí nu geus maling kitab suci téa tur maluruh kaayaan jeung nasib indungna. Sanggeus éta pasualan réngsé, kakara manéhna bisa nyumponan pancén ti Ambu jeung Ama, tapi sangkan teu kamalinaan, Ama jeung Ambu méré waktu nepi ka opat puluh poéna. Saprak Anjar ihtar, geus nepi ka Tanjakan Bégal kadéngé sora nu ngaguruh, singhoréng Daéng Hapati jeung batur-baturna beunang ku bégal. Ti dinya Anjar nyumput bari nempo Daéng Hapati ngaluarkeun jurus pencana. Épisode kadua (kaca 24-42) nyaritakeun lalakon Daéng Hapati nampa surat nu eusina ménta tanggung jawab kana hutang getih luluhurna. Épisode katilu (kaca 43-65) nyaritakeun Daéng Hapati anu keur adu jajatén jeung Burhan nu boga hak ahli waris hiji-hijina pikeun nagih hutang getih, nu salila ieu nyuratan ka Daéng Hapati. Épisode ka opat (kaca 66-73) nyaritakeun Anjar geus tepung jeung indungna. Barang geus tepung ti idnya Indungna Anjar rék dikawinkeun ka Daéng Hapati. Épisode nu kalima (kaca 74-83) nyaritakeun kaopat puluh poéna waktu aya raraméan rék ngawinkeun Anjar jeung Nyi Lanjang, tapi békéndéna dibawa kabur ka leuweung ku si Darma Lingga.

3.4.3 Idéntitas Novel Katilu

Judul : *Anjar jeung Rampog Geulis*

Medal : Citakan ka-1 : Pusaka Sunda 1967

Citakan ka-1 : Edisi Kiblat Buku Utama Muharram 1437 H

November 2015

Penerbit : Kiblat Buku Utama

Kandel Buku : 64 Kaca

Warna Jilid : Bodas



**Gambar 3.3
Jilid Hareup jeung Tukang Novel**

Novel *Anjar jeung Rampog Geulis* ngawengku lima épisode. Épisode kahiji (kaca 5-17), nyaritakeun si Jumra nyaéta adina si Darga nu rék babales ka Anjar lantaran mulangkeun kanyeri lanceukna, tapi tungtungna si Jumra éléh adu jajatén jeung manéhna jadi babalik pikir jadi merbot. Épisode kadua (kaca 18-33), nyaritakeun Anjar indit ka urut tempat Kiai Ngesti keur jumenengna, di dinya manéhna rék nyalametkeun si Mawat (Maung kukut Kiai Ngesti) saprak ditinggalkeun Anjar, si Mawat aya nu nyangcang, di mangpaatkeun tanagana jeung buntutna aya nu neukteuk. Épisode katilu (kaca 34-46), nyaritakeun anakna Anjar anu diculik ku bégal awéwé nu kasohor bengisna. Éta bégal awéwé téh sok nginuman getih orok pikeun awét ngora, ngaranna Nyi Laras. Anjar adu jajatén jeung ngorbankeun nyawana demi anakna salamet. Épisode kaopat (kaca 47-61), Anjar baluweng ku sabab lamun manéhna ngantep kana pagawéan Nyi Laras nu sok malingan orok, antukna bakal loba korban tapi lamun dicarék anak manéhna nu jadi tandonanana. Teu mikir panjang deui Anjar indit ka Guha pikeun mawa anakna jeung ngabales kanyeri manéhna ka Nyi Laras katut si Darma Lingga. Épisode kalima (kaca 62-64), sabada ngaburak-barik tempat cicingna bégal, Anjar ngayakeun salametan di imahna.

3.4.4 Biografi Singget Pangarang

**Gambar 3.4
Achmad Rustandi**



Léjtén H. Achmad Rustandi, S.H, gumelar di Bandung, 1 Maret 1941. Perwira Tinggi AD (Angkatan Darat), anggota tuluy jadi Ketua Fraksi ABRI DPR-RI (1993-1998, 1998), Wakil Ketua Mahkamah Konstitusi (2003-2008), dosén, ogé pangarang.

Satamatna ti SMA, nyuprih élmu di FH-UNPAD Bandung (lulus taun 1964), tuluy asup AD (Angkatan Darat) nepi ka jadi perwira tinggi. Waktu di SMA jeung paguron luhur loba nulis sajak, carita pondok, artikel, sarta ngarang carita silat dina basa Sunda. Sajak jeung tulisan séjénna bisa dibaca dina surat kabar *Sipatahoenan*, majalah *Manglé*, jsté. Carita silatna nu kasohor nyaéta serial *Anjar* di antarana *Anjar Lawan Raja Bangsat*, *Anjar Tepung jeung Indung*, *Anjar jeung Rampog Geulis* (1967) jeung sérial *Layung Inten* (1970), anu eusi caritana dieuyeuban ku da'wah Islam, pikeun nepikeun papagon agama supaya hirup salawasna aya dina jalan nu dipikarido ku Alloh Swt.

Sajaba ti jadi dosén, Achmad Rustandi ogé kungsi nyekel kalungguhan salaku Réktor UNINUS sarta aktif di Yayasan Universitas Islam Nusantara. Buku-bukuna nu kantos medal di antarana, *Ilmu Filsafat, Agama* (1971), *Islam, Marxisme, Liberalisme, Nasionalisme* (1971), *Tatanegara Indonesia* (1971), *Rule of Law versi Islam* (1977), *Pengantar Hukum Positif Indonesia* (1978), *Pengantar Purnamawati*, 2019

NOVEL SÉRIAL CARITA SILAT ANJAR KARANGAN ACHMAD RUSTANDI (Ulikan Struktural jeung Psikologi Humanistik)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Teori Hukum (1978), *Responsi Filsafat Hukum* (1982), *Kuliah Pancasila* (1990), *Komentar atas Undang-undang Peradilan Agama* (1991), *Ensiklopedia Dasar Islam* (1993), jrrd.

Sumber: Serial *Carita Silat Anjar*, 2016. Bandung, PT. Kiblat Buku Utama.

